

Mizajou 5 Out , 2020

*Priyorite Boston Medical Center se sekirite pasyan nou yo, anplwaye yo ak vizitè yo. Pou nou balanse bezwen pasyan nou yo, ak asire ke nou gen yon lopital an sekirite, nou pral limite kantite vizitè yo akòz COVID-19. Moun ki te vwayaje soti nan [eta ki gen gwo risk](#), ki detèmine pa Commonwealth nan Massachusetts, pap gen pèmisyon pou vizite.*

## Tout Vizitè

- Tout vizitè yo dwe gen 18 tan oswa plis pase sa epi tou yo pral fè tès depistaj pou yo pou sentòm enfeksyon COVID 19. Vizitè ki malad oswa ki gen nenpòt sentòm (lafyè, tous, souf kout, gòj fè mal, frison, misk kò fè mal, oswa nouvo aparasyon pèdi gou bouch ak sant) pa ka rann vizit nan **nenpòt** sikonstans.
- Tout vizitè pral resevwa yon mask chirijikal lè yo rive e yo oblije mete mask la toutan jiskaske yo kite batiman an, menm jan ak pratike ijyèn pou men ak kenbe distans sosyal.
- Vizitè yo pral resevwa enstriksyon pou rete nan chan pasyan an pandan dire vizit la.
- Yo pa otorize vizitè pou pasyan ki gen COVID-19.

## Pasyan Granmoun ki entènè

- Pasyan granmoun ki entènè ka deziyen yon vizitè ki gen pèmisyon pou vizite chak jou pandan toutan yo lopital la. Lè vizit yo soti 2è p.m rive 7è p.m
- Vizitè yo dwe tcheke nan estasyon enfimyè'a anvan yo antre nan chanm pasyan an.
- Nan sikonstans ekstrèm, pasyan ka mande yon chanjman vizitè yon sel fwa. Chanjman sa'a **se pa yon vizite adisyonèl** – li ranplase vizitè original
- Pasyan ki sou mezi konfò (CMO) kapab otorize gen plizyè vizitè. Poutèt sa , yon sèl vizitè ki otorize pa moman, pou 15 minit chak.

## Pasyan Pedyatri ki entènè/ NICU

- Pou pasyan pediatrik ak NICU, yon paran/gadyen ka vizite. Lè vizit yo se 24sou24/7jou sou 7.

## Travay ak Akouchman

- Se yon sèl moun sipò ki otorize rete pandan akouchman pasyan an aka pre akouchman.

## Klinik Ambilatwa

- Yo pa otorize okenn vizitè nan okenn klinik ambilatwa ak sèlman de eksepsyon:
  - Yon paran ki akonpanye yon timoun ki gen yon randevou.
  - Yon moun kap bay swen ki akonpanye yon andikape, granmoun aje, otreman bezwen you moun kap bay swen.

## Depatman Ijans

- Depatman Ijans pou Granmoun: pa gen vizitè nan moman sa'a.
- Depatman Ijans Pedyatrik otorize yon paran / gadyen ak timoun lan.

## Sèvis chirijikal

- Pa gen okenn vizitè ki otorize pou pasyan ki pral sibi operasyon avèk 2 eksepsyon:
  - Yon paran ki akonpaye yon timoun
  - Yon moun kap bay swen ki akonpaye yon pasyan enfim otreman ki bezwen moun kap pran swen li an la.